demal julli waat, yaw julliwóo

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dugg na ci jàkka ji jenn waay daal di dugg julli ñaari ràkka, daal di nuyu Yonente bi, mu fay ko, daal di ne ko: "demal julli waat, yaw julliwóo", mu dellu julli waat namu jullee woon, daal di nuyu Yonente bi , mu ne ko: "dellul julli waat yaw julliwóo " ñatti yoon, mu ne ko: giñ naa ci ki la yónni ci dëgg manuma lu dul lii, xamal ma, mu ne ko: "boo jugee di julli, nanga kàbbar, topp nga jàng li jàppandi ci yaw ci Alxuraan, topp nga rukkoo ba dal, nga siggi ba yamoo ca taxaw ga, topp nga sujjóot ba dal, topp nga siggi ba yamoo ca toogaay ga, defal loolu ci sa julli gi yépp".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa dugg ci jàkka ji, jenn waay dugg ci ginnaawam daal di julli ñaari ràkka yu gaaw, te dalul ci taxaw ya ak rukkoo ya ak sujjóot ya, fekk Yonente bi mi ngi ka doon xool, mu ñëw ci Yonente bi fekk mu toog ci koñu jàkka ji mu nuyu ko, Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc fay ko, daal di ne ko: Dellul baamtu sa julli gi ndax julliwóo. Mu dellu julli waat julli gu gaaw kem na mu jullee woon, topp mu ñëw nuyu Yonente bi, mu ne ko: Dellul julli; ndax julliwóo, mu def ko ñatti yoon. Waa ji ne ko: giñ naa ci ki la yónni ci dëgg, manuma lu dul lii, kon xamal ma, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: Boo jugee jëm ci julli gi nanga kàbbar kàbbaru armal, topp nga jàng faatiha ak lu la soob, nga daaldi rukkóo ba dal, nga deg say ténq ci sa kaw óom yi tàllal sa ndigg li, topp nga siggi taxawal sa ndigg li ba yax yépp yi dellu nga taxaw temm, topp nga sujjóot ba dal nga teg sa jë bi ak bakkan bi, ak ñaari loxo yi, ak ñaari óom yi ak cati baaraami tànk yi ci kaw suuf, topp nga siggi ba dal ca toogaay ba ci diggante ñaari sujjóot yi, topp nga def loolu ci ràkka bu ne ci sa julli gi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3185